



Commonwealth of Massachusetts
DEPARTMENT OF HOUSING &
COMMUNITY DEVELOPMENT

Charles D. Baker, Governor ♦ Karyn E. Polito, Lt. Governor ♦ Jennifer D. Maddox, Undersecretary

RESEVWA YON AVI POU W KITE

Nan Massachusetts, fòk yon mèt kay voye yon lokatè Avi pou li Kite avan mèt kay la kapab depoze yon aksyon pwosesis rezime (degèpisman). Avi pou Kite a se yon dokiman legal ki notifiye lokatè a legalman ke yo pral tèmine lokasyon an nan yon dat spesifik. Yon Avi pou Kite pa yon lòd pou w kite apatman w nan dat kontra a fini.

REMAKE: SI W RESEVWA YON AVI POU W KITE OU PA OBLIJE KITE INITE KOTE RETE A TOUSWIT. OU GEN DWA A YON PWOSEDI LEGAL KOTE W KA DEFANN TÈT OU KONT DEGÈPISMAN AN. SE SÈL YON DEKRÈ NAN TRIBINAL KI KA FÒSE W KITE INITE KOTE W RETE A.

Si w te resevwa yon Avi pou w Kite pou non-peman de lwaye, pinga w iyore ni jete li. Ou dwe kontakte mèt kay ou touswit pou ranje yon plan pou peman epi sèvi ak Massachusetts Legal Resource Finder a pou w konekte ak asistans legal ak lòt resous.

Legal Resource finder (<http://www.masslrf.org/>) pral konekte w ak enfòmasyon pou pwogram èd legal, òganizasyon benevolan, ajans gouvènmanal, ak pwogram nan tribinal ki gen dwa ka ede w ak pwoblèm legal ou gratis oubyen ki p ap koute chè. Apre sa ou ka kontakte Housing Consumer Education Center (HCED) lokal ou pou w konnen si w elijib pou asistans ak lwaye. Rele 2-1-1 pou w konekte ak HCEC rejyonal ou an.